



Campaña Latinoamericana
por el Derecho a la Educación



RED ESTRADO

Campaña Mundial por la
EDUCACION
www.campaignforeducation.org



KOMINIKE NAN TÈTANSANM KONT KANPAY PÈSEKISYON K AP FÈT KONT FEDERASYON KOLONBYEN EDIKATÈ KOLONBYEN YO

Istwa peyi konlonbi toujou makònen ak egzistans yon bann kondisyon ki ap pwodui konfli ansanm ak sityasyon difisil ak danjere pou tout mouvman sosyal, mouvman sendika, mouvman peyizan, mouvman endijèn ak mouvman desandan afriken yo k ap batay pou yo rive ranfòse panse kritik k ap vale teren an. An verite, yo pa sispann demantibile pati politik ki nan opozisyon k ap goumen pou yo rive pwopoze lòt fòm politik altènatif bay gwoup lidè tradisyonèl ki toujou nan tèt pouvwa a. Sityasyon politik ki egziste nan peyi Kolonbi sou gouvènman ki la a, se yon sityasyon kote menas ak asasina sibile lidè sosyal yo ap vin pi plis menm jan ak sòlda demobilize Fòs Ame Revolisyonè Kolonbi a (ki gen ti non FARC an panyòl), defansè dwa moun ak opozan politik Sant Demokratik la; kon sa, Gouvènman Santral la ap aji dirèk dirèk pou li jwenn yo, arete yo epi kondane yo tou, Sityasyon konfinman ki genyen pandan peryòd pandemi an gen gwo konsekans sou posiblite pou moun manifeste piblikman kont sityasyon vyolans y ap viv pandan tout ane sa a.

Nan kad sa a, Federasyon Travayè Edikasyon Kolonbyen (an panyòl: FECODE), tèt federasyon sa a ansanm ak 350 000 manm li yo, pa sispann sibi atak ki soti bò kote sektè ak pati politik ekstrèm dwat k ap kore gouvènman an e ki kontinye ap simaye yon seri diskou chaje vyolans pou ankouraje aksyon ekstrèm k ap fèt kont panse kritik la , sa ki vin lakoz yo rive asasine yon bann anseyan (fanm kou gason) nan divès rejyon nan peyi a.

Nan ka peyi Konlonbi, batay pou dwa moun pou yo jwenn edikasyon an ap mache men nan men ak batay pou dwa moun pou yo viv la. Se pou rezon sa a, òganizasyon ki siyen kominike a, esprime ak tout fòs yo refi pou yo aksepte sityasyon vyolans sa yo k ap pran jarèt la epi yo mande Gouvènman kolonbyen an pou li pran tout dispozisyon pou ankèt l ap mennen yo rive bay bon jan rezilta, mete sou sa , se pou kominote entènasyonal la rete trè veyatif pou li suiv sityasyon vyolans anseyan (fanm kou gason) ap viv nan peyi Kolonbi, espesyalman manm FECODE yo. E nou pwofite okazyon an pou nou esprime tout solidarite ak sipò nou bay moun sa yo nan sikonstans difisil sa yo.

Sityasyon n ap denonse jounen jodi a pa yon fenomèn konjonktirèl, men li se yon pratik politik ki gen move konsekans sou kilti popilasyon an e ki vin ap kore lide ki ta fè kwè se nòmal pou yo fè gwo vyolans ekstrèm ki lakoz opozan pa sispann pèdi lavi yo, kòm si se ta mwayen natirèl pou yo toufe revandikasyon popilasyon kolonbyen an pa sispann fè pou yo gen yon minimòm demokrasi, yon popilasyon ki bouke souffri anba sityasyon inegalite tout kalte. N ap lanse apèl sa a yon manyè pou nou fini ak koze enpitinite a k ap kore bann vye pratik sa yo, yon fwa pou tout,



Campaña Latinoamericana
por el Derecho a la Educación



Campaña Mundial por la
EDUCACION
www.campaignforeducation.org



Pa gen pyès sitiyasyon lapè n ap rive konstwi, si nou pa mete yon bout nan zafè vyolans ak pèsekisyon ansanm ak zak asasina ki pa sispann fè dlo koule nan je pèp kolnbyen an-menm jan ak tout lòt pèp k ap viv nan rejyon amerik Latin ak Karayib la- ki kontinye leve vwa yo pou yo egzije respè prensip pwoteksyon sosyal yo nan avantaj anseyan (fanm kou gason) epi pou yo reklame jisitis pou tout viktim konfli sa yo.

15 Desanm 2020

Òganzasyon ki siyen :

Kanpay Latinoyameiken k ap Batay pou Dwa Moun pou yo Jwenn Edikasyon (CLADE)
Rezo Latinoyameriken pou Rechèch sou Travayè Edikasyon yo (RED ESTRADO)
Kanpay Mondyal Pou Edikasyon (CME)
Gwup Travayè CLASCO aou Politik Edikasyon ak Dwa Moun Pou yo Jwenn Edikasyon
Internacional de la Educación América Latina (IEAL)
Agencia Presenza
Marcha Global contra el Trabajo Infantil - Sudamérica
Asociación Latinoamericana de Educación y Comunicación Popular (ALER)
Colectivo de Educación para Todas y Todos de Guatemala
Organización Mundial para la Educación Preescolar (OMEP)
Contrato Social por la Educación – Ecuador
Campaña Peruana por el Derecho a la Educación (CPDE)
Action Aid
Agenda Ciudadana por la Educación de Costa Rica
Campaña Argentina por el Derecho a la Educación
Campaña Boliviana por el Derecho a la Educación
Campaña por el Derecho a la Educación de México
Federación Internacional Fe y Alegría
Oxfam IBIS
Reagrupación Educación para Todos y Todas (REPT) Haití
Espacio sin Fronteras
Foro Venezolano por el Derecho a la Educación
Red global/Glocal por la Calidad Educativa
FIVEDE
Centro Internacional de Investigaciones Otras Voces en Educación
Coalición Colombiana por el Derecho a la Educación
Consejo de Educación Popular de América Latina y el Caribe – CEAAL
Campaña Brasileña por el Derecho a la Educación



Campaña Latinoamericana
por el Derecho a la Educación



Internacional de la Educación
América Latina
IEAL



RED ESTRADO

Campaña Mundial por la
EDUCACION
www.campaignforeducation.org

